ASQ-3 Ages & Stages Questionnaires®

*Soti nan 7 mwa 0 jou pou rive nan 8 mwa 30 jou*

# Kesyonè 8 mwa



Tanpri souple, reponn kesyon sa yo. Sèvi ake yon plim ki gen lank ble oswa lank nwa epi ekri byen pou tout moun ka li.

Ekri dat you ranpli kesyonè a:____________________

## *Enfòmasyon sou timoun nan*

Siyati timoun nan:__________ Inisyal non batèm li:______ Prenon timoun nan:__________

Ki sèks timoun nan: Gason ○ Fi ○ Dat nesans li: ____________________

Si timoun nan fèt sou 3 semèn avan tèm osnon plis, make sou konbyen semèn li fèt avan tèm: ____________

## *Moun kap ranpli kesyonè sila a se*

Prenon:__________ Inisyal non batèml:______ Siyati:__________

Kisa ou ye pou timoun nan: Paran ○ Moun ki responsab timoun nan nan gadri ○ Traveyè sosyal oswa travayè lasante ○

Pwofesè ○ Granpè / granmè oswa yon lòt paran ○ Fanmi ki adopte timoun nan (pansyon timoun) ○

Yon lòt moun ○__________

**Adrès ri a:**__________ **Vil:**__________

County:__________ Kòd postal:__________

Pwovens: __________ Nimewo telefòn kay la:__________

Yon lòt nimewo telefòn:__________

Adrès imèl: __________

Bay non tout moun kap ede'w ranpli kesyonè a: __________

## *Enfòmasyon sou pwogram lan*

Nimewo idantifikasyon timoun nan #: __________

Laj timoun nan lè yo anrejistre'l (bay konbyen mwa ake konbyen jou):__________

Nimewo prwogram lan #: __________ Non pwogram lan:__________

Laj yo ajiste a si timoun nan te fèt avan tèm (bay konbyen mwa ake konbyen jou):__________

Ages & Stages Questionnaires®, Third Edition (ASQ®-3), Squires & Bricker. © 2009 and Haitian Creole translation/e tradiksyon kreyòl ayisyen © 2025 Paul H. Brookes Publishing Co., Inc. With permission of the publisher/Avèk pèmisyon Pwoklamatè a.

# Kesyonè 8 mwa

*Soti nan 7 mwa 0 jou pou rive nan 8 mwa 30 jou*

**Pwen ki enpòtan pou sonje:**

√ Eseye fe chak aktivite ak tibebe ou anvan w bay yon repons
√ Fè jwèt reponn kesyon sa yo, yon fason pou nou toude jwenn plezi.
√ Asire ke tibebe ou byen repoze epi manje.
√ Tanpri voye kesyonè a tounen oplita: ____________________

**Nòt:**

________________________________________
________________________________________
________________________________________
________________________________________

Nan paj k ap vini yo gen kesyon sou aktivite tibebe ka fè. Tibebe ou ka ge ntan fè kèk nan aktivite ki dekri la a, e ka gen kèk nan yo tibebe ou poko kòmanse fè. Pou chak bagay, tanpri plen ti wonnki endike si tibebe ou fè aktivite a souvan, pafwa, oswa poko.

| Kominikasyon | Wi | Pafwa | Poko | |
|---|---|---|---|---|
| 1. Si w rele tibebe ou lè ou pa devan je li, èske li gade nan direksyon vwa w? | ○ | ○ | ○ | __ |
| 2. Lè gen yon bri byen fò, èske tibebe ou vire pou wè ki kote son an soti? | ○ | ○ | ○ | __ |
| 3. Si ou kopye son tibebe ou fè, èske tibebe ou repete menm son yo pou ou? | ○ | ○ | ○ | __ |
| 4. Èske tibebe ou fè son tankou “da,” “ga,” “ka,” ak “ba”? | ○ | ○ | ○ | __ |
| 5. Èske tibebe ou reponn sou ton vwa w e li sispann aktivite li omwen pou yon ti tan lè ou di li “non non”? | ○ | ○ | ○ | __ |
| 6. Èske tibebe ou fè de (2) son ki menm jan tankou “ba-ba,” “da-da,” oubyen “ga-ga”? (Son yo pa bezwen gen ankenn siyifikasyon.) | ○ | ○ | ○ | __ |

Total nan seksyon Kominikasyon ______________

| Gwo Misk | Wi | Pafwa | Poko | |
|---|---|---|---|---|
| 1. Lè ou mete tibebe ou atè, èske li apiye. sou men li pandan li chita? (Si li chita dwat deja. san li pa apiye sou men li, make “wi” pou pwen sa a.)  | ○ | ○ | ○ | __ |
| 2. Èske tibebe ou woule soti sou do'l al sou vant li, epi li retire toude bra soti anba vant li? | ○ | ○ | ○ | __ |
| 3. Èske tibebe ou leve sou men ak jenou li pou mete li nan pozisyon rale?  | ○ | ○ | ○ | __ |



Ages & Stages Questionnaires®, Third Edition (ASQ®-3), Squires & Bricker. © 2009 and Haitian Creole translation/e tradiksyon kreyòl ayisyen © 2025 Paul H. Brookes Publishing Co., Inc. With permission of the publisher/Avèk pèmisyon Pwoklamatè a.

Gwo Misk *kontinye*

| | | Wi | Pafwa | Poko | |
|---|---|---|---|---|---|
| 4. Si ou kenbe toude men tibebe ou jis pou be il ekilib èske li sipòte pwa kò li pandan li kanpe? |  | ○ | ○ | ○ | __ |
| 5. Lè li chita atè, èske tibebe ou chita dwat pandan plizyè minit san li pa sèvi ak men li kòm sipò? |  | ○ | ○ | ○ | __ |
| 6. Lè ou mete tibebe ou kanpe akote mèb oswa arebò ba bèso a, èske li rete san li pa apiye pwatrin li sou mèb la pou jwenn sipò? |  | ○ | ○ | ○ | __ |

*Si kesyon 5 nan seksyon "Gwo Misk" te maké "wi" oswa "pafwa", pou kesyon nimewo 1 nan seksyon "Gwo Misk" maké "wi."*

Total nan seksyon Gwo Misk ______

Ti Misk

| | | Wi | Pafwa | Poko | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. Èske tibebe ou eseye pran yon ti moso manje (oswa Cheerio oswa gren mayi) epi li touche li avèk dwèt oswa men li? (Si li ranmase ti bagay deja, make “wi” pou pwen sa a.) |  | ○ | ○ | ○ | __ |
| 2. Èske tibebe ou ranmase ti jwèt, li kenbe li nan mitan ak men li ak dwèt li toutotou ti jwèt la? |  | ○ | ○ | ○ | __ |
| 3. Èske tibebe ou sèvi avèk tout dwèt li epi gwo pous pou li eseye ranmase ti moso manje (oswa Cheerio oswa gren mayi), menmsi li pa ka ranmase yo? (Si li ranmase ti moso manje oswa Cheerio deja, make “wi” pou bagay sa.) |  | ○ | ○ | ○ | __ |
| 4. Èske tibebe ou ranmase yon ti jwèt avèk yon sèl men? |  | ○ | ○ | ○ | __ |
| 5. Èske tibebe ou sèvi avèk tout dwèt li plis gwo pous fè yon mouvman ranmase epi li arive ranmase ti moso manje (oswa. Cheerio oswa gren mayi)? (Si li ranmase ti moso manje oswa Cheerio deja, make “wi” pou bagay sa.) |  | ○ | ○ | ○ | __ |
| 6. Èske tibebe ou ranmase yon ti jwèt avèk pwent dwèt li epi gwo pous? (Ou dwe wè yon espas ant jwèt la ak plamen li.) |  | ○ | ○ | ○ | __ |

*Si kesyon 6 nan seksyon "Ti Misk Piti" te maké "wi" ou "pafwa" pou kesyon 2 maké "wi."*

Total nan seksyon Ti Misk Piti________

Ages & Stages Questionnaires®, Third Edition (ASQ®-3), Squires & Bricker. © 2009 and Haitian Creole translation/e tradiksyon kreyòl ayisyen © 2025 Paul H. Brookes Publishing Co., Inc. With permission of the publisher/Avèk pèmisyon Pwoklamatè a.

Rezoud Pwoblèm

| | | Wi | Pafwa | Poko | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. Èske tibebe ou ranmase yon jwèt epi li mete li nan bouch li? |  | O | O | O | __ |
| 2. Lè tibebe ou sou do, èske li eseye pran yon jwèt li te kite tonbe si li ka wè yon jwèt? | | O | O | O | __ |
| 3. Le tibebe ou a'p jwe, eske li kon frape yon jwèt atè a oswa sou yon tab? |  | O | O | O | __ |
| 4. Èske tibebe ou travèse yon jwèt ale vini soti nan yon men ale nan yon lòt? |  | O | O | O | __ |
| 5. Èske tibebe ou ranmase de (2) ti jwèt, yonn nan chak men, epi li kenbe yo pandan apeprè 1 minit? |  | O | O | O | __ |
| 6. Lè li kenbe yon jwèt nan men li, èske tibebe ou frape li kont yon lòt jwèt sou tab la? |  | O | O | O | __ |

Total nan seksyon pou Rezoud Pwoblèm_________

Pèsonèl Sosyal

| | | Wi | Pafwa | Poko | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1.Lè li kouche sou do'l, èske tibebe ou pran pye li pou'l jwe? |  | O | O | O | __ |
| 2. Lè li devan yon gwo glas ouswa miwa, èske tibebe ou lonje men l pou tape sou glas la? |  | O | O | O | __ |
| 3. Èske ti bebe'w eseye pran yon jwet ki lwen ke li pa kapab rive pran? (Li gendwa woule, rale sou vant oswa sou genou pou al pran li.) | | O | O | O | __ |
| 4. Pandan tibebe ou sou do, èske li mete pye li nan bouch li? |  | O | O | O | __ |

Ages & Stages Questionnaires®, Third Edition (ASQ®-3), Squires & Bricker. © 2009 and Haitian Creole translation/e tradiksyon kreyòl ayisyen © 2025 Paul H. Brookes Publishing Co., Inc. With permission of the publisher/Avèk pèmisyon Pwoklamatè a.

Pèsonèl Sosyal *kontinye*

| | Wi | Pafwa | Poko | |
|---|---|---|---|---|
| 5. Èske tibebe ou bwè dlo, ji, oswa lèt nan yon gode pandan ou kenbe gode'a? | ○ | ○ | ○ | __ |
| 6. Èske tibebe ou kapab bay tet li manje tankou yon ti biswit sek oswa bonbon? | ○ | ○ | ○ | __ |

Total nan seksyon Pèsonèl ak Sosyal__________

**Seksyon an jeneral** *Paran ak founisè swen ka sèvi ak espas ki anba a pou ajoute kòmantè.*

1. Èske tibebe ou sèvi byen menm jan ak toude men ni toude pye? Si se non, eksplike: Wi ○ Non ○
______________________________________________

2. Lè ou ede ti bebe ou kanpe, èske leplisouvan pye li plat sou sifas li kanpe a? Si se non, eksplike: Wi ○ Non○
______________________________________________

3. Èske ou enkyete poutèt ti bebe ou rete twò dousman, oswa li pa fè son tankou lòt tibebe? Si wi, esplike: Wi ○ Non ○
______________________________________________

4. Èske youn nan paran yo gen yon istwa nan fanmi de timoun soud, oswa ki gen pwoblèm tande? Si se wi, eksplike: Wi ○ Non ○
______________________________________________

5. Èske w enkyete pou vizyon tibebe ou? Si se wi, eksplike: Wi ○ Non ○
______________________________________________

6. Èske tibebe ou te gen yon pwoblèm medikal nan dènye mwa ki sot pase yo? Si se wi, eksplike: Wi ○ Non ○
______________________________________________

7. Èske w enkyete pou konpòtman tibebe ou? Si se wi, eksplike: Wi ○ Non ○
______________________________________________

8. Èske gen yon bagay ki enkyete w konsènan tibebe ou? Si se wi, eksplike: Wi ○ Non ○
______________________________________________

Ages & Stages Questionnaires®, Third Edition (ASQ®-3), Squires & Bricker. © 2009 and Haitian Creole translation/e tradiksyon kreyòl ayisyen © 2025 Paul H. Brookes Publishing Co., Inc. With permission of the publisher/Avèk pèmisyon Pwoklamatè a.